



Pou Piblikasyon Imedya: 23/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PLAN SIBVANSYON SIBÈSEKIRITE ETA NEW YORK LA

Yo pral itilize prèske 6 milyon dola nan finansman federal pou ede antite lokal yo diminye risk sibè yo epi devlope sibè rezistans

Eta a pral sèvi ak Finansman Sibvansyon Lwa sou Enfrastrikti a pou pwokire Otantifikasyon Milti Faktè, Bous detid sibèsekirite ak resous fòmasyon sibèsekirite nan non patnè lokal yo

Yo pibliye fòmilè enterè sou entènèt bay antite ki elijib yo pou endike enterè pou resevwa sèvis yo bay atravè pwogram sa a

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a Plan SibèSekirite Eta New York la, ki detaye yon apwòch nan nivo eta a pou diminye risk sibè yo epi devlope sibè rezistans nan gouvènman lokal yo nan tout eta a. Atravè itilizasyon prèske 6 milyon dola nan finansman atravè Pwogram Sibvansyon Sibèsekirite Eta Federal ak Lokal, pwogram sibvansyon sa a pral elaji aksè ak enfòmasyon, zouti, resous ak sèvis sou sibèsekirite pou ke antite sektè piblik nan New York yo gen aksè ak sibè defans ki pi sofistike. Lè nou konsidere finansman ki disponib la, New York pral sèvi ak ekonomi echèl an tèm pouvwa acha li a pou pwokire ak delivre pi bon kalite lojisyèl, materyèl, ak sèvis dirèkteman bay antite ki kalifye yo.

"Yon atak sibè kapab paralize yon kominote tout antye, epi li esansyèl pou gouvènman lokal yo gen resous ak enfòmasyon ki nesèsè pou pwoteje tèt yo epi byen vit reponn ak yon menas sibè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral bay zouti pou ede minisipalite yo sekirize enfrastrikti enpòtan yo pou pwoteje Nouyòkè yo epi redwi risk sibè."

Kòm yon pati nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti federal 2021 an, Kongrè a te etabli [Pwogram Sibvansyon Sibèsekirite Eta ak Lokal](#) (State and Local Cybersecurity Grant Program, SLCGP) pou bay chak eta finansman pou ede antite ki elijib yo adrese risk ak menas sou sibèsekirite pou sistèm enfòmasyon ki posede oswa opere pa oswa nan non gouvènman Eta, lokal, tribal ak teritoryal yo. Alokasyon finansman SLCGP pou Ane Fiskal 2022 pou New York se 5,810,605 dola, epi omwen

80 pousan nan fon yo pral asiye nan machandiz ak sèvis pou antite gouvènman lokal yo, ak omwen 25 pousan nan sa yo atribye bay antite nan zòn riral yo.

Pou asire kantite maksimòm antite New York yo ka benefisye fon SLCGP ki limite yo, New York pral dirèkteman achte lojisyèl, materyèl, ak sèvis pou livrezon bay antite ki kalifye yo. Pandan premye ane pwogram nan, Eta New York ap konsantre sou inisyativ sèvis pataje pou ede antite gouvènman lokal yo bati yon nivo sibèsekirite debaz. Inisyativ sa yo se:

- **Otantifikasyon Milti-Faktè (Multi-Factor Authentication, MFA):** MFA se yon metòd pou otantifye yon itilizatè ki mande pou yo bay de oswa plis faktè verifikasyon pou yo ka jwenn aksè a yon resous. New York pral bay jeton materyèl ak/oswa lojisyèl ak sèvis pwofesyonèl ke antite ki kalifye yo ka itilize pou aplike MFA nan anviwònman teknoloji pa yo.
- **Bous Detid Sètifikasyon Sibèsekirite a:** New York pral bay bous detid pou anplwaye yo seleksyone yo nan antite ki elijib ki kounye a gen wòl oswa responsablite ki gen rapò ak teknoloji enfòmasyon, sekirite enfòmasyon, sibèsekirite, konfidansyalite done, ak/oswa sekirite done pou reyalize yon sètifikasyon sibèsekirite ke endistri a rekonèt.
- **Fòmasyon pou Konsyantizasyon sou Sibèsekirite:** New York pral ofri yon fòmasyon sou entènèt sou sibèsekirite pou antite ki kalifye yo pou anplwaye pa yo.

Antite ki elijib yo ka endike enterè yo pou yo patisipe nan youn oswa plis nan sèvis pataje yo lè yo ranpli [Fòmilè Enterè SLCGP a](#). Repons pou fòmilè sa a pral ede eta a byen planifye pou adrese bezwen nan tout eta a lè l sèvi avèk finansman Ane Fiskal 2022 nan 1e ane a nan pwogram nan. Yon pwosesis aplikasyon fòmèl pral kòmanse pita nan ane sa a. Enfòmasyon sou aplikasyon yo pral disponib sou [sitwèb](#) Pwogram Sibvansyon Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) la.

Ofisye Sibènetik an Chèf Eta New York, Colin Ahern, te deklare, "New York ap kontinye pran mezi desizif pou ranfòse sibèsekirite nan tout eta a. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, epi atravè patenarya nou ak Prezidan Biden ak Kongrè a, New York ap investi nan yon avni sibè ki pi an sekirite ak pi fleksib pou kominote nou yo."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Menas atak sibè poze yo ap kontinye ogmante chak ane, sa ki fè li enpòtan pou nou asire patnè lokal nou yo gen aksè ak sèvis sibèsekirite ki nesèsè pou kenbe done ak enfrastrikti enpòtan yo an sekirite. Lè nou itilize yon modèl sèvis pataje, n ap rann li pi fasil pou gouvènman lokal yo jwenn pwodwi kle ki esansyèl nan ede kenbe kominote nou yo an sekirite kont kriminel sou entènèt yo."

Reprezantan Jerry Nadler te deklare, "Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) la ap kontinye sèvi. Anons jodi a sou Plan Sibèsekirite New

York la pral diminye risk entènèt epi ranfòse defans sibè atravè eta nou an—sa k ap ede kenbe enfòmasyon Nouyòkè yo pwoteje ak an sekirite."

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Pandan teknoloji ap kontinye evolye, kantite menas sibè pou sistèm lan ke eta ak gouvènman lokal yo itilize chak jou ap ogmante sèlman. Gras a Lwa sou Enfrastrikti bilateral la, ke mwen te ede adopte, n ap mete finansman istorik disponib pou asire ke antite gouvènmantal yo atravè eta a gen teknoloji ak fòmasyon yo bezwen pou sekirize ak pwoteje enfòmasyon sansib ke anplwaye yo travay chak jou. Modènize sistèm gouvènman eta ak lokal yo itilize se yon bagay y ap tann depi lontan epi antanke reprezantan New York nan Konsèy Lidèchip Rejyonal la – ki travay pou ankouraje ak aplike lejislasyon Prezidan Biden te siyen an lwa a – mwen kontan wè finansman federal sipòte inisyativ ki pral ede yo adapte yo ak risk k ap grandi sou sibèsekirite."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Avèk ogmantasyon depandans nou sou sistèm enfòmasyon yo ak menas sekirite k ap grandi ke AI prezante, li enperatif pou nou pran prekosyon pou pwoteje enfòmasyon sansib gouvènman eta ak lokal nou yo genyen. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te pran dispozisyon ki nesèsè yo pou asire ke New York pwoteje kont menas sibè danjere yo, epi mwen ankouraje tout antite ki elijib yo pou yo patisipe nan Plan Sibvansyon Sibèsekirite New York la pou asire yo pare pou anpeche ak konbat atak sibèsekirite jodi a ak alavni."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Pandan peyizaj dijital nou an ap kontinye evolye ak chanje, li enpòtan pou nou kontinye pran aksyon ki nesèsè pou pwoteje moun, òganizasyon, ak gouvènman yo kont menas sou entènèt yo. Lè nou etabli Plan Sibvansyon Sibèsekirite Eta New York la avèk finansman mwen te ede garanti nan Washington, Gouvènè Hochul ap ede kenbe eta nou an an sekirite kont menas sibèsekirite yo epi asire nou pran yon longè davans sou teknoloji sa yo pandan plizyè deseni k ap vini yo. Mwen pa ka tann plis opòtinite pou kolabore ak patnè eta ak lokal yo pou ranfòse sibèsekirite epi sipòte gouvènman lokal nou yo."

Reprezantan Andrew Garbarino te deklare, "Sekirize peyizaj sibè nou an atravè Nasyon an kòmanse ak diminyasyon risk nan nivo lokal. Nan yon mond ki deplizanpli entèkonekte, chak pwen kontak vilnerab ak potansyèl enpak afeblisan ak an kaskad atravè sektè enfrastrikti enpòtan yo. Se poutèt sa mwen te ede prezante Lwa sou Amelyorasyon Sibèsekirite Eta ak Lokal dènye Kongrè a pou etabli pwogram sibvansyon sa a. Mwen kontan wè Eta ap dewoule finansman sa a pou ede kominote nan New York yo amelyore pozisyon jeneral pa yo sou sibèsekirite. Chak òganizasyon, gwo kou piti, ta dwe ajè kòm si yo pral pwochen viktim nan yon sibèatack epi prepare kòm sadwa. Pwofite anpil resous ki soti nan CISA pou envestisman entelijan nan diminyasyon risk se yon premye etap enpòtan."

Reprezantan Nicole Malliotakis, te deklare, "Nan epòk teknolojik jodi a, li enpòtan anpil pou antite sektè prive ak piblik yo edike, vijilan ak prepare kont menas sibèsekirite yo. Mwen fyè dèske mwen te vote pou garanti finansman enfrastrikti enpòtan sa a pou

ede kominote nou an devlope rezistans sibè li pou anpeche vyolasyon nan vi prive, atak kont enfrastrikti ak entèripsyon nan sèvis yo."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Plan Sibvansyon Sibèsekirite a souliye angajman New York pou ranfòse defans sibè nan gouvènman lokal yo. Plan sa a, ki te sipòte pa prèske 6 milyon dola nan finansman federal, pral pèmèt nou bay zouti esansyèl, resous, ak fòmasyon bay antite sektè piblik nou yo, asire yo gen defans ki nesèsè yo kont menas k ap evolye yo. Ansanm, nou kapab konstwi yon New York ki pi solid epi ki pi an sekirite pou tout moun."

Divilgasyon Plan Sibvansyon Sibèsekirite New York la se dènye etap Gouvènè Hochul te pran pou ranfòse defans sibè eta a epi asire eta a ak patnè lokal li yo prepare pandan menas dijital yo kontinye ap ogmante.

An out 2023, Gouvènè Hochul te pibliye premye Estrateji Sibèsekirite Eta New York ki te etabli yon apwòch pou sibèsekirite ak rezistans ki baze sou prensip inifikasyon, rezistans, ak preparasyon. Senk pilye Estrateji Sibèsekirite yi – Opere, Kolabore, Regularize, Kominike, ak Grandi – te eklere devlopman Plan Sibvansyon an epi yo reflekte nan tout. Antanke yon egzijans administratif SLCGP, Plan Sibvansyon an non sèlman reprezante yon lòt aspè nan gwo pòtfèy mezi sibèsekirite Eta New York la ki devlope matirite sibèsekirite nan mitan enstitisyon enpòtan nou yo, men tou li se yon efò renouvle ki fèt pou reponn ak bezwen eta nou an k ap chanje.

Sou lidèchip Gouvènè Hochul, New York te lanse tou yon pwogram prensipal pou founi sekirite enfòmasyon pou konte ak antite gouvènman lokal yo, ki kouvri plis pase 76,000 odinatè gouvènman an posede atravè eta a, epi elaji kapasite enfòmasyon pou fòs de lòd eta a nan ogmante Inite Krim Enfòmasyon, Inite Analiz Sibènetik ak Sant Krim sou Entènèt Kont Timoun nan Lapolis Eta New York la. An 2024, Gouvènè Hochul ap agrandi Pwogram Sèvis Pataje a lè li pwolonje kalifikasyon pou sèvis pataje pou deteksyon ak repons pwen tèminezon epi li ajoute yon kapasite adisyonèl, jesyon sifas atak, nan Pwogram Sèvis Pataje a. Pou pwoteje enfrastrikti enpòtan New York la davantaj, Gouvènè Hochul te pwopoze tou nouvo règleman sou sibèsekirite lopital epi li te siyen yon lejislasyon enpòtan pou pwoteje rezo enèji New York la kont atak sibè yo. Pandan menas enfòmasyon yo ap evolye rapidman, New York rete nan avangad règleman sou sekirite enfòmasyon epi kontinye ranfòse defans atravè sektè piblik ak prive yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)